

OTORIZASYON POU DIVILGASYON NÒT KONSILTASYON POU TRETMAN ITILIZASYON DWÒG BAY DCF POU KOWÒDINASYON SWEN/JESYON KA

DCF-2131CNLP

2/2026 (Nouvo)

Mwen, _____ konprann
(Prenon ak Siyati moun k ap bay otorizasyon an)

ke nòt konsiltasyon tretman twoub ki lye ak itilizasyon dwòg mwen yo pwoteje anba lwa federal, ki enkli atik 42 CFR Pati 2 ak HIPAA, ansanm ak tout lwa etatik ki aplikab. Nòt sa yo ka itilize oswa divilge sèlman ak konsantman ekri mwen, sof nan ka ki otorize pa atik 42 CFR Pati 2, HIPAA, ak lwa etatik ki aplikab.

Mwen konprann ke m gen dwa pou m pa siyen fòm konsantman sa a. Mwen konprann ke refi m pa pral afekte dwa mwen genyen pou jwenn sèvis aktyèl ak fiti, eksepte kote divilgasyon nòt ke yo mande yo nesèsè pou jwenn sèvis.

Mwen otorize _____
(Prenon ak siyati, adrès ak nimewo telefòn moun nan, enstitisyon oswa òganizasyon ki nan posesyon nòt konsiltasyon yo)

pou itilize epi divilge bay Depatman Timoun ak Fanmi an (DCF) ak/oswa Asistan Pwokirè Jeneral la kòm reprezantan legal Depatman an

(Non ak siyati, adrès ak nimewo telefòn pèsonèl DCF k ap resevwa)

pou itilizasyon ak divilgasyon nòt konsiltasyon tretman twoub itilizasyon dwòg mwen pou yo itilize nan pwosedi kriminel, sivil, lejislatif oswa administratif ki idantifye anba a

(Non oswa nimewo dosye a./Nimewo ankèt la si ou konnen li)

Sof si mwen anile konsantman mwen an, konsantman sa a pral efektiv imedyatman epi pral ekspire nan en an apati jodi a.

Mwen gen dwa pou m anile konsantman sa a alekri nenpòt lè, sof si gen mezi ki te pran baze sou li. Mwen konprann tou ke m ka anile otorizasyon sa a alekri nan enfòmè DCF oswa destinatè deziyen an.

Yo te ofri m yon kopi fòm sa a. Yo te eksplike m li nan yon lang ke mwen konprann. Mwen rekonèt ke li posib pou nòt yo itilize oswa divilge dapre konsantman aktyèl sa a kapab divilge ankò pa destinatè a epi li pa pwoteje pa pati 2 a ankò.

Siyati pasyan an

Dat

Siyati lòt moun otorize a

Dat

Non moun k ap siyen an, si se pa pasyan an: _____

Otorite moun k ap siyen an, si se pa pasyan an: Paran/gadyen legal Avoka Gadyen legal ad litem Lòt (eksplike): _____

ATIK 42 CFR PATI 2 ENTÈDI ITILIZASYON OSWA DIVILGASYON NÒT SA YO SAN OTORIZASYON